# QURÍLÍS TARAWÍNDA MAMAN QÁNIGELERDI TAYaRLAW ORAYÍ AShÍLDÍ

**Nókis transport kolledjinde shólkemlestirilgen Qurılıs tarawında  maman qánigelerdi tayarlaw orayınıń ashılıw máresimi bolıp ótti.**

Ilajda Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń Baslıǵı M.Kamalov sózge shıǵıp, jıynalǵanlardı oraydıń ashılıwı menen qutlıqladı hámde bul oray elimizge qurılıs tarawında zamanagóy bilimge iye, tajiriybeli kadrlardı tayarlap beretuǵınına bekkem isenim bildirdi.



Atap ótilgenindey, sońǵı jıllarda elimizde úlken qurılıs jumısları ámelge asırılıp, bul tarawda maman kadrlarǵa bolǵan talap artıp barmaqta. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 25-yanvardaǵı “Waqtınshalıq miynet jumısın ámelge

asırıw ushın sırt elge ketip atırǵan shaxslardı hám bánt bolmaǵan xalıqtı oqıtıwdı shólkemlestiriw boyınsha qosımsha ilajlar haqkında”ǵı qararı ishki hám sırtqı miynet bazarına qurılıs tarawında maman kadrlardı tayarlawda, miynet migrantlarınıń jumıs sapasın hám sharayatların jaqsılawda, sonday-aq, puqaralardıń bántligin hám olardı sociallıq jaqtan qorǵawdı támiyinlewde úlken áhmiyetke iye bolmaqta.





Usı qarar tiykarında Nókis transport kolledji imaratında Qurılıs tarawında maman qánigelerdi tayarlaw orayı shólkemlestirildi.  Orayda qurılıs-ońlaw jumısları alıp barılıp, zárúr inventarlar hám oqıw procesinde paydalanatuǵın arnawlı texnikalar menen támiyinlendi.

Qaraqalpaqstan Respublikası Bántlik hám miynet qatnasıqları ministrliginiń málim etiwinshe, oray 14 kásip boyınsha oqıw reje hám oqıw baǵdarlamaları menen tolıq támiynlengen bolıp, házirde usı baǵdarlarda 300 puqara oqıwǵa qabıllandı. Olar úsh ay dawamında bilim hám tájiriybesin arttıradı hám oqıw juwmaǵında olarǵa sertifikat beriledi.


ELEKTR RANDA BILAN ISHLASH








Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń baspasóz xızmeti